



Olga Hugelmeyer, Ed.D.
Sipèntandan Lekòl yo

Linda Trebino
Direktris Lekòl la

Mwa Dawou 2025

Chè Paran/Gadyen ak Elèv yo,

Nou menm, tout estaf, nan Lekòl **Frances C. Smith Center for Early Childhood Education**, nou onore epi nou kontan anpil pou akeyi tout elèv ak manm fanmi nou yo nan ane lekòl 2025-2026 k ap kòmanse Jedi 4 Septanm! Pwomès nou se bay chak timoun yon anviwònman kote yo kapab devlope kapasite kreyativ epi reyalize ekselans. Nou kwè chak elèv kapab, epi pral aprann nan nivo ki pi bon pou rive jwenn pi gwo potansyèl edikasyonèl nan yon anviwonman ki gen sekirite, solid, ak bon jan akèy.

Chak ane nou fè anpil efò pou nou kenbe yon patenarya ki pi solid ant kominote lakay ak lekòl la. Patisipasyon paran nan yon ti koze, pran yon ti kafe, oswa rantre nan PTO a, se kèk nan fason manm fanmi an ka angaje pi plis nan kominote lekòl la, epi an menm tan rete konekte.

Tanpri pran tan pou vizite sit entènèt distri nou an, ak lyen Retounen Lekòl la nan <https://www.epsnj.org/Page/4374> pou plis enfòmasyon sou rantre lekòl la. Nan paj ki pi ba a, nou tou ba ou anpil nan enfòmasyon ki deja sou sit entènèt distri a pou ou kapab gade epi revize kounye a.

PREMYE JOU LEKÒL / PWOSEDI POU RANTRE AK RANVWAYE LEKÒL

Ane lekòl 2025-2026 la, ap kòmanse Jedi 4 Septanm 2025. Enstriksyon ap fèt nan lè 8:20 a.m. pou rive 3:00 p.m.

QUAD NUMBER	ANTRE AK NIMEWO PÒT	NIMEWO KLAS	PWOFESÈ
1	Pòt sou kote ak ramp – Pòt # 6	1, 3, 4, & 6	Ekip Quad 1 & Mr. Chacon
2	Dèyè Gym – Pòt # 5	7, 9, 10, & 12	Ekip Squad 2
3	ABC Turtle/Sheep Miray – Pòt # 2	13, 15, 16, & 18	Ekip Squad 3
4	Lakou/Lakou rekreyasyon – Pòt # 1	22 & 24	Ms. Andino, Ms. Perez, Ms. Harris & Ms. Gomez
5	Devan Gym – Pòt # 4	25, 27, 28, & 30	Ekip Squad 5
ELEV PSD/OTOBIS	Bò kote EC biwo yo – Pòt # 3	103, 19, & 21	Ekip 103 & Ms. Zavolas, Ms. Delanda, Ms. Leon & Ms. Sanchez
	Front Lobby		Ms. Amato & Mr. DelRisco

Frances C. Smith Early Childhood Center School No. 50



N ap fè w konnen ap genyen anplwaye deyò a, pou ede tout moun pandan premye semèn lekòl la.

KALANDRIYE LEKÒL EPS

Nou mande pou ou gide epi sipòte edikasyon pitit ou nan fason w ap asire ou li ale lekòl chak jou, li rive alè, epi li pare pou eksperyans aprantisaj pandan jounen an.

Pou revize Kalandriye Lekòl EPS la pou ane lekòl 2025-2026, tanpri vizite lyen sa a:

[SchoolCalendarWrapAroundProgramfor2025-2026.pdf \(epsnj.org\)](https://www.epsnj.org/SchoolCalendarWrapAroundProgramfor2025-2026.pdf)

ENSTRIKSYON SOU PÒTAL POWERSCHOOL POU PARAN

PowerSchool se yon sistèm jesyon elektwonik Lekòl Piblik Elizabeth itilize pou kolekte, estoke, epi kenbe enfòmasyon ak dosye enpòtan elèv yo. Aplikasyon an bay paran aksè nan enfòmasyon ki gen rapò ak orè elèv la, prezans, nòt, ak pwogrè akademik menm moman yo disponib la; li ofri tou yon fason pratik pou paran ak pwofesè kominike jan sa nesèsè. Se poutèt sa, tout moun rete konekte. Orè pou ane lekòl 2025-2026 k ap vini an ap pare pou ou wè sou PowerSchool apati Lendi 18 Dawou.

ANSYEN AK NOUVO PARAN EPS

Paran nouvo elèv yo dwe mande yon nouvo kont pou yo kapab antre tout enfòmasyon ki nesèsè pou navige Pòtal Paran PowerSchool la. Ansyen paran yo, ap bezwen konekte, antre, epi mete ajou nenpòt enfòmasyon ki gen rapò ak pitit ou.

Si ou gen difikilte teknik pandan w ap cheche jwenn aksè enfòmasyon nan PowerSchool pitit ou, tanpri kontakte lekòl pitit ou oswa vizite sit entènèt EPS la nan [Student Support Services / Student Registration \(PreK-12\) \(epsnj.org\)](https://www.epsnj.org/StudentSupportServices/). Lè w rive nan paj la, tanpri klike sou tab "PowerSchool Parent Portal Help". Tanpri, desann epi klike sou lekòl pitit ou a kounye a. Lè sa a, yo pral mande ou ranpli yon fòm kontak sou entènèt. Apre ou fin klike sou bouton « Save and Done » ki anba a, yo pral soumèt demann ou an epi yon moun nan lekòl la pral kontakte ou byen vit.

RÈGLEMAN SOU INIFÒM

Objektif kòd abiman EPS la se pou pwomouvwa yon imaj pozitif ak pou amelyore fyète lekòl pami elèv nou yo. Sante, sekirite, ak byennèt nan ledikasyon se objektif prensipal kòd abiman ansanm ak ankouraje yon anviwònman ki fasilite disiplin ansanm ak ledikasyon. ***Elèv la dwe mete inifòm lekòl la chak jou.***

Frances C. Smith Early Childhood Center School No. 50

1000 South Elmora Avenue, Elizabeth, New Jersey 07202 • Ph: 908.436.6380 • Fax: 908.436.6364
Email: trebinoli@epsnj.org • Website: www.epsnj.org

W ap jwenn règleman sou inifòm lekòl pitit ou sou sit entènèt <https://www.epsnj.org/Page/4374>. Tanpri souple, gade “**Uniform and Dress Code Policies**” epi swiv enstriksyon ki bay.

Paran, n ap mande koperasyon ak sipò ou konsènan respè pitit ou dwe genyen pou règleman sou inifòm nan. Elèv ki pa respekte règleman inifòm lekòl la p ap gen dwa antre nan batiman lekòl la nan Jedi 4 Septanm oswa nenpòt jou lekòl apre sa. Tanpri pa ezite kontakte biwo Direktè lekòl la si ou ta gen nenpòt kesyon konsènan règleman inifòm lan.

APARÈY ELEKTWONIKS

Enplemantasyon « iPads » nan klas matènèl bay yon opòtinite pou elèv pi piti nou yo devlope jan yo aprann ak teknik atravè eksperyans ki apwopriye pou devlopman yo. Pandan « iPad » ka sèvi kòm yon zouti pou ede ranfòse ladrès nan domèn lekti, ekriti ak matematik, li kapab tou bay elèv lekòl matènèl opòtinite pou envestige, eksplòre, ak kreye nan anviwònman timoun piti.

Aplikasyon iPad entegre san pwoblèm nan kourikoulòm lekòl matènèl nan lè aktivite anndan klas la. iPad amelyore edikasyon elèv yo pandan li bay yo opòtinite pou rakonte ak kreye pwòp istwa yo, envestige ak eksplòre nouvo kote enteresan ak divès kilti, kaptire aprantisaj yo atravè pòtfolyo elèv yo kreye, epi ranfòse konpetans atravè liv ak aplikasyon pou aprantisaj.

RETE KONEKTE

Resevwa Rapèl/Mizajou Lekòl yo atravè Mesaj Tèks!

Enskri pou resevwa mesaj ki soti nan lekòl pitit ou ak nan Lekòl Piblik Elizabeth

ENSTRIKSYON POU NOUVO AK ANSYEN PARAN

Li trè enpòtan pou nou gen adrès kay ak/oswa nimewo telefòn ki pi ajou pou nou ka kontakte ou nan ka yon ijans oswa pou diskite sou pwogrè pitit ou. Tanpri, asire ou mete ajou enfòmasyon, kontak ou lè ou konekte sou « PowerSchool Parent Portal » la; epi ranpli fòm Enfòmasyon Ijans ou jwenn anba lyen Fòm yo pandan tout ane lekòl la si ta gen yon chanjman nan adrès lakay ou /oswa nimewo telefòn ou. Nou espere komunikasyon ouvè ant kay la ak lekòl la paske sa se youn nan kle ki pi enpòtan pou siksè akademik nan lekòl la.

Sistèm Notifikasyon nou an pèmèt manm pèsònèl la kontakte paran yo atravè mesaj elektwonik, tèks, ak mesaj vèbal ki anrejistre sou telefòn lan. Atravè sistèm sa a, paran yo resevwa enfòmasyon ijans rapid sou gwo evènman, oswa dat k ap vini yo. Pou asire sistèm sa a ap kontinye fonksyone nan yon fason trè efikas, li enpòtan anpil pou nou gen enfòmasyon ki ajou, nan dosye chak elèv.

Frances C. Smith Early Childhood Center School No. 50

Pou jwenn enfòmasyon sou fason pou kenbe kontak ou ajou, tanpri vizite sit entènèt EPS la : <https://www.epsnj.org/Page/4374>. Tanpri gade nan tab "Rete Konekte" epi swiv enstriksyon yo bay sou fason pou mete enfòmasyon ou ajou sou PowerSchool.

Anplis de sa, tanpri konsidere ofri sèvis volontè pou sipòte Òganizasyon Paran/Pwofesè (PTO) nan lekòl pitit ou. PTO bay anpil opòtinite pou fanmi ki nan kominote lekòl la pou patisipe epi rete konekte. Tanpri, asire ou enskri epi aprann plis sou anpil resous ki disponib pou pitit ou isit la nan Lekòl Piblik Elizabeth yo.

DISTRI / ENFÒMASYON POU LEKÒL

Tanpri, asire ou revize epi ranpli anvan premye jou lekòl tout dokiman obligatwa ki nan lis anba a. Anplis, mete ajou tout enfòmasyon pèsonèl ou regilyèman:

-
- Fòm Enfòmasyon pou Ijans
 - Avi Konsènan egzamen fizikal
 - Fòm Media Release
 - Fòm Pèmision Entènèt ak Rezo Elèv ak Règleman Elizabeth pou Itilizasyon Entènèt
 - Itilizasyon Akseptab Pou Teknoloji – Fòm Elektwonik Aparèy Mobil
 - Fon Koneksyon pou Ijans (ECF)
 - Aplikasyon pou manje midi
-

Pou w ka jwenn aksè nan dokiman obligatwa ki endike anwo a, tanpri vizite sit entènèt EPS la <https://www.epsnj.org/Page/4374>. Tanpri gade tab “Fòm ak aplikasyon pou pitit ou” epi swiv enstriksyon yo.

RÈGLEMEN SOU VAKSEN

Tanpri, nou vle ou konnen Depatman Sèvis Sante Eta New Jersey chanje plizyè egzijans sou vaksinasyon. Tout timoun ki ale nan sant gadri ak lekòl matènèl ki gen lisans oblije pran vaksen kont grip chak ane.

Tanpri, li nesesè pou ou bay prèv pitit ou resevwa vaksen. Bay li pi vit posib e pa pita pase 23 Desanm 2025. N ap ranvwaye elèv ki pa gen dokiman nesesè apati **5 Janvye 2026**.

TRANSPÒTASYON

Men ki elèv ki kalifye pou jwenn transpòtasyon:

- Elèv elemantè ki abite plis pase 2.0 mil de lekòl yo

Frances C. Smith Early Childhood Center School No. 50

- Elèv lekòl segondè ki abite plis pase 2.5 mil de lekòl yo
- Elèv ki gen IEP ki gen sèvis transpò

FOUNITI POU LEKÒL

Nan premye jou lekòl la, voye pitit ou lekòl ak materyèl sa yo:

-  Sak nan do, ki pa gen wou
-  2 dra kouvèti pou bèso ak 2 ti dra (pou timoun nan dòmi)
-  2 rad pou li chanje si li gen bezwen (chemiz, pantalon, souvètman ak chosèt)
-  2 foto fanmi pou nou mete sou pye bwa lafanmi ki nan klas la
-  Diapers oubyen pull-ups and ti sèvyèt (si li bezwen sa)
-  ***Nan anvlòp la, w ap jwenn yon senbòl pitit ou dwe genyen sou li nan premye jou lekòl la.***

- **Tanpri, ekri non ak siyati pitit ou sou tout sa w ap voye lekòl la.**
- **Tanpri, jwèt ki soti lakay pa otorize anndan lekòl la.**

RETOUNEN LEKÒL ASWÈ

Nou kontan anpil pou kòmanse nouvel ane lekòl la, epi n ap tann pou rankontre paran/gadyen nan Sware Retounen Lekòl, jou ***Madi 16 Septanm, 2025 apati 5:30 p.m.***

Nou espere nou tout ap kontinye jwi rèss Ete a. Ann kontinye ak misyon nou pataje ansanm pou nou reyafime ekite, retabli atant, ak reprann ekselans! Nou espere kòmanse yon lòt vwayaj ansanm ***Lendi 4 Septanm.***

Sensèman,

Linda Trebino
Direktris
(908) 436-6362

Frances C. Smith Early Childhood Center School No. 50